

*Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan
ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan*

**SESAMBUNGAN SEMANTIS PARADIGMATIK LAN SINTAGMATIK
SAJRONE TETEMBUNGAN BAB KEMASAN ING DESA KAUMAN
KECAMATAN BANGIL KABUPATEN PASURUAN**

YENY CRIFFANI PUTRI

S-1 Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya
yenyputri@mhs.unesa.ac.id

Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si.

Dhosan Jurusan Pendidikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

ABSTRAK

Tetembungan bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan nduweni sesambungan semantik leksikal. Tetembungane nduweni tetenger kang mbedakake klawan subbidhang liyane. Mula, tetembungan kasebut digoleki sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatike, kang dhatane dijentrehake nganggo teori fitur dhistingtif teges. Senajan wis tau ditliti, nanging anggone merang jinise durung jangkep. Tujuwan utamane panliten iki yaiku ngandharake lan njelntrehake sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan, dene tujuwan mligine yaiku ngandharake lan njelntrehake jinise sesambungan semantis paradigmatik sajrone tetembungan bab kemasan, lan ngandharake lan njelntrehake jinise sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan.

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik dheskriptif kang asipat sinkronis. Dhatane awujud tetembungan bab kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan, kang diolehi kanthi cara nyemak lan wawancara. Banjur jinise sesambungan paradigmatik digoleki kanthi jlentrehan perangan teges, dene sesambungan sintagmatike nganggo jlentrehan struktur batin. Sawise iku, asile panliten disuguhake kanthi cara formal lan informal.

Asile panliten iki yaiku, jinise sesambungan paradigmatik sajrone tetembungan bab kemasan cacahe ana 4 yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, kohipernim. Patang jinis iki saben perangane dipantha dadi 3 adhedhasar tatarane, yaiku panggarape matrial, tataurut, lan tatacara. Dene jinise sesambungan sintagmatik cacahe ana 2, yaiku enkapsulasi lan dhistribusi, adhedhasar persentase drajat bebedan lan pepadhane dipantha dadi 3 saben perangane yaiku kadhar dhuwur, kadhar sedhengan, lan kadhar endhek. Adhedhasar asile panliten, bisa didudut yen panliten iki nguwatake konsep ngenani jinise sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik ing ilmu semantik leksikal.

Tembung-tebung wigati : tetembungan, sesambungan semantis paradigmatik, lan sesambungan semantis sintagmatik.

PURWAKA

Bab purwaka iki dibage dadi nem subbab, yaiku (1) landhesane panliten, (2) punjer lan underane panliten, (3) tujuwane panliten, (4) paedahe panliten, (5) watesane panliten, lan (6) panjlentrehe tetembungan. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

LANDHESANE PANLITEN

Tetembungan minangka salah sawijine satuan basa kang nduweni sesambungan semantik leksikal sing diarani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik kang dicekak SSPS. Sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bidhang tartamtu ngandharake wilayah teges ing bidhang kasebut, saengga nduweni tetenger sing beda klawan tetembungan ing bidhang liyane. Tetembungan dhewe tegese yaiku tembung sing nduweni teges tartamtu ing sawijine bidhang tartamtu, ing antarane yaiku bidhang tatacara panguripane wong Jawa (TPWJ). Tuladhane kang

misuwur yaiku subbidhang kemasan, jalaran meh kabeh wong nggunakake asile saka kemasan. Senajan mangkono ora kabeh ngerti tetembungan-tetembungan kang ana sajrone subbidhang kemasan.

Kemasan minangka sawijine subbidhang saka TPWJ sing isih ana ing Kabupaten Pasuruan, mligine Desa Kauman Kecamatan Bangil. Sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan winates ing wilayah teges adhedhasar dhaerah, uga subbidhang iku dhewe. Saengga tetembungan-tetembungan sajrone bab kemasan iki mesthi nduweni pambeda karo tetembungan ing bab liyane. Tuladhane yaiku "mblendhes", "ngempus, lan sapanunggale. Ana ing TPWJ liya tetembungan kasebut ora ana, saengga tetembungan-tetembungan kasebut bisa dadi tetengere saka tetembungan bab kemasan. Mula, tetembungan-tetembungan kang mligi sajrone bab kemasan iki sipate netep. Nanging sajrone SSPS-e bab kemasan uga ana tetembungan sing asipat ora netep. Mula, topik iki dipilih kango ndeleng drajat bebedan lan pepadhane sajrone tetembungan bab kemasan.

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

Panliten ngenani SSPS sajrone tetembungan bab kemasan sasuwene iki durung tau ditliti, saliyane kuwi inventarisasi tetembungan bab kemasan uga durung ana, saengga dirasa narik kawigaten. Tetembungan kasebut dianalisis SSPSe kanggo mbuktekake yen tetembungan bab kemasan nduweni tetenger iki karo subbab liyane. Mula bakal ditliti nganggo teori fitur dhistingtif teges (TFDT), kaya panliten kang digarap dening Safitri (2018) kanthi judhul “Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung”. Senajan ancangan teori kang dienggo padha, nanging sajrone panliten iki anggone nggolongake dhata ora kaya panliten-panliten sadurunge, bakal digawe luwih cundhuk marang perangan lan dhatane.

Kantri cara ngecek sajrone tetembungan paradigmatik lan sintagmatik bakal dioncek iki dirasa minangka cara kang trep kanggo njentrehake. Sajrone sesambungan paradigmatik bakal dioncek iki cara perangane teges, dene sajrone sesambungan sintagmatik bakal dioncek iki cara struktur batine. Saka kuwi bakal diweduhi kantri gamblang pamerange tembung-tembung sajrone bab kemasan.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar lelandhesane panliten ing ndhuwur, punjere panliten iki yaiku sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone bab kemasan, dene underane panliten yaiku:

- 1) apa wae jinise sesambungan semantis paradigmatik sajrone tetembungan bab kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan?
- 2) apa wae jinise sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan?

TUJUWANE PANLITEN

Tujuwan panliten iki yaiku kanggo ngandharake lan njentrehake:

- 1) jinise sesambungan semantis paradigmatik sajrone tetembungan bab kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan
- 2) jinise sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

PAEDAHE PANLITEN

Paedah saka panliten iki kaperang dadi loro yaiku paedah teoretis lan paedah praktis. Ngenani paedah teoretis lan paedah praktis bakal dicethakake ing ngisor iki.

Paedah Teoretis

Panliten iki dikarepake bisa menehi sumbangsih tumrap pangrembakane ilmu bidhang leksikologi mligine bab tetembungan kang ana ing basa Jawa. Saliyane iku, asile panliten iki uga kanggo ngrembakakake topik ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone bidhang semantik.

Paedah Praktis

Paedah praktis saka panliten iki ana loro, yaiku (1) inventarisasi lan (2) dhokumentasi. Cethane ing ngisor iki:

- 1) Inventarisasi sajrone panliten iki tegese nyathet tetembungan sajrone bab kemasan. Ing kono tetembungan bab kemasan dicathet utawa didhata supaya bisa dadi arsipe Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan.
- 2) Dhokumentasi sajrone bab kemasan yaiku kantri cara nglumpukake, milih, lan ngolah tetembungan-tetembungan bab kemasan kang ana ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan.

WATESANE PANLITEN

Watesane panliten iki ana telu, yaiku (1) topik panliten, (2) dhata panliten, lan (3) carane njinggleng. Andharan jangkepe ana ing ngisor iki:

- 1) topik panliten iki ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan.
- 2) dhata sajrone panliten iki yaiku tetembungan bab kemasan wiwit saka cara nggawe lan ngrumat ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan.
- 3) carane njinggleng panliten iki yaiku nganggo teori fitur distingtif teges kantri nggunakake jlentrehan perangane teges lan jlentrehan struktur batin.

PANJLENTREHE TETEMBUNGAN

Tetembungan sing dienggo ing panliten iki ana telu, yaiku (1) sesambungan semantis paradigmatik, (2) sesambungan semantis sintagmatik, lan (3) tetembungan. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

- 1) Sesambungan Semantis Paradigmatik. Kridalaksana (2008:172) ngandharake yen sesambungan semantis paradigmatik bisa diarani sesambungan *in absentia* (*ketidakhadiran*). Tegese sesambungan kang dumadi antarane guru warga lan ndhuwurane utawa sawalike.
- 2) Sesambungan Semantis Sintagmatik sajrone Kridalaksana (2008:223) uga bisa diarani sesambungan *in presentia* (*kehadiran*). Tegese yaiku sesambungan kang nuduhake yen anane sawijine unsur nduweni pangaribawa tumrap unsur liyane.
- 3) Tetembungan yaiku tembung utawa gabungan tembung kang kantri tliti ngandharake makna konsep, proses, kahanan, utawa sifat kang khas sajrone bidhang tartamtu (KBBI, 2001:446)

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tintingan Kapustakan iki diperang dadi telu, yaiku (1) panliten saemper, (2) konsep-konsep panliten iki, lan (3) teori panliten iki. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

Panliten Saemper

Panliten ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan iki wis tau ditindakake dening Safitri (2018) kanthi judhul “Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon ing Desa

Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung". Asile panliten yaiku jinise sesambungan paradigmatik ana 4 yaiku hiponim, hipernim, kohiponim, lan kohipernim. Banjur sipate yaiku netep lan ora netep. Dene jinise sesambungan semantis sintagmatik ana loro yaiku enkapsulasi lan dhistribusi.

Panliten ngenani SSPPS liyane yaiku "Tetembungan sajrone Bidhang Sosial Subbidhang Relasi Sosial ing Masyarakat Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban" dening Hariyani (2018). Senajan judhule ora ana tembung sesambungan paradigmatik lan sintagmatik, nanging sajrone ngandharake lan njlentrehake, Hariyani uga nganggo sesambungan kasebut lan teori dhistingtif teges. Asile panliten uga padha karo panlitene Safitri.

Panliten iki nguwtake panliten-panliten sing wis ana sadurunge, jalaran anggone nggolongake analisise dhata ing rong panliten kasebut isih adhedhasar tatacarane. Mula, senajan anggone nintingi padha, nanging sajrone panliten iki jinise sesambungan semantis paradigmatik bakal digolongake adhedhasar tatarane, dene jinise sesambungan semantis sintagmatik bakal digolongake adhedhasar drajat bebedan lan pepadhane.

Konsep-konsep Panliten iki

Konsep-konsep sing bakal diandharake ing ngisor iki minangka dhasar dienggo ngandharake lan njlentrehake bab ngenani wilayah teges adhedhasar sesambungan paradigmatik lan sintagmatik. Jangkepe ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Paradigmatik

Djajasudarma (2013:110) ngandharake sesambungan paradigmatik minangka sesambungan antarane perangan kang ana sajrone sawijine pocapan karo perangan kang ora ana sajrone pocapan kasebut, mula diarani sesambungan *in absensia*. Tegese antarane perangan kang ana sajrone pocapan lan ora iku nduweni sesambungan antara siji lan sijine. Djajasudarma uga ngandharake yen sesambungan paradigmatik minangka sesambungan makna *ekspresi* saka struktur tartamtu.

Jinise Sesambungan Semantis Paradigmatik

Adhedhasar dhata kang nduweni sesambungan teges kang asipat searah lan rong arah, mula sajrone panliten iki bakal ngandharake patang jinis sesambungan paradigmatik yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim.

1) Hiponim lan Kohiponim

Gudai (1989:19) ngandharake yen hiponim iku sesambungan antara satembung lan kelas kang sawilayah. Tuladhane mawar yaiku hiponim tumrap kembang, utawa salah sawijine anggota kelas saka kembang. Nanging mawar ora oleh diarani hiponim tumrap kenanga, lan melathi. Amarga sesambungan antara mawar, melathi lan kenanga iki yaiku sesambungan antara anggota kelas kang diarani kohiponim.

2) Hipernim lan Kohipernim

Hipernim yaiku sawalike saka hiponim. Hipernim nuduhake kelas ndhuwur yaiku kelas kang tegese kalebu

sajrone tembung-tembung kang ana ing ngisore (Oka lan Suparno, 1994:247). Miturut Parera (2004:134) hipernim yaiku *superordinat* utawa sesambungan teges adhedhasar tembung kang nduweni teges luwih amba sajrone klompok teges tartamtu.

Sipate Sesambungan Semantis Paradigmatik

Sesambungan paradigmatik nduweni rong sipat yaiku netep lan ora netep. Supaya luwih cetha bisa dideleng andharan ing ngisor iki.

1) Netep

Oka lan Suparno (1994:81) ngandharake yen dhistribusi iku bisa asipat komplementer lan asipat paralel. Dhistribusi kang ora substitutif utawa dhistribusi komplementer yaiku perangan-perangan basa kang sesambungan iku ora bisa nyulihi tembung liyane, nanging bisa njangkepi antara siji lan sijine. Mula, asil saka dhistribusi komplementer iku nuduhake sipate sesambungan paradigmatik kang netep. Tuladhane bab kemasan kang nduweni sipat netep yaiku nyengki, ngoloh, nyowes, lan sapanunggale.

2) Ora Netep

Dene dhistribusi paralel substitutif yaiku perangan-perangan basa kang sesambungan iku bisa nyulihi antara siji lan sijine, saengga nuduhake sipate sesambungan paradigmatik kang ora netep. (Oka lan Suparno, 1994:81) Tuladhane bab kemasan kang sipate ora netep yaiku malu, nyupit, nggirahi, lan sapanunggale.

Sesambungan Semantis Sintagmatik

Miturut Saussure (1996:17), sesambungan kang asipat sintagmatik yaiku sesambungan antarane perangan basa sajrone tataran *linier* utawa *sejajar*. Kang ateges sesambungan basa kasebut ana ing sajrone tataran wicara, saora-orane bisa arupa frase lan ukara. Tuladhane ing frase 'jago kluruk' lan 'jaran mbeker', ing kene cetha ana sesambungan antarane tembung siji lan sijine. 'Jago' iku mesthi 'kluruk' lan 'jaran' iku mesthi 'mbeker'. Sesambungan iku wis ajeg ora bisa diowahi, jalaran bisa ngowahi tegese. Tegese yen swarane 'jago' ora bisa 'mbeker' lan swalike. Djajasudarma (2013:110) uga ngandharake sesambungan sintagmatik yaiku sesambungan antarane perangan-perangane sajrone tuturan.

Jinise Sesambungan Semantis Sintagmatik

Ana rong jinis sipate sesambungan sintagmatik, yaiku enkapsulasi lan dhistribusi. Enkapsulasi yaiku komponen makna saka *modifikasi* sintagmatik. Dene dhistribusi yaiku titikan analisis basa struktural. Luwih cethane ing andharan ngisor iki.

1) Enkapsulasi

Enkapsulasi yaiku komponen makna saka *modifikasi* sintagmatik. Miturut Lyons (1977:262) *modifikasi* sintagmatik iku saka tembung kang luwih umum utawa kanthi nggunakake tembung tunggal kang luwih mligi. Tuladhane yaiku tembung tunggal 'bujang' kang tegese 'wong lanang kang durung rabi' minangka

sintagma saka [+manungsa] lan [-rabi]. Banjur ing prakara liya ing salah sawijine basa kang nggunakake tembung tungan kang dikira-kira nduweni teges kang padha tuladhané tembung kriya ‘nyakot’ lan ‘ndilat’. Tembung ‘nyakot’ mesthi nganggo untu, dene ‘ndilat’ mesthi nganggo ilat.

2) Dhistribusi

Saben perangan basa iku nduweni dhistribusi kang beda-beda. Miturut Oka lan Suparno (1994:81) dhistribusi iku bisa asipat komplementer lan asipat paralel. Dhistribusi komplementer yaiku perangan-perangan basa kang sesambungan iku ora bisa nyulihî tembung liyane, nanging bisa njangkepi antara siji lan sijine. Dene dhistribusi paralel yaiku perangan-perangan basa kang sesambungan iku bisa nyulihî antara siji lan sijine.

Tetembungan

Tetembungan yaiku tembung utawa gabungan tembung kang kanthi tliti ngandharake makna konsep, proses, kahanan, utawa sipayat kang khas sajrone bidhang tartamtu (KBBI, 2001:446). Tegese tetembungan kuwi sipayat mligi, lan mesthi nduweni titikan gumantung sajrone bidhang apa.

Tetembungan Bab Kemasan

Wong sing penggaweyane bakul utawa dandan-dandan emas lan perak diarani kemasan. Andharan iki selaras karo sing wis diandharake dening Sudaryanto lan Pranowo (2001:406), kemasan yaiku wong sing pakaryane bakul emas lan inten; tukang gawe dandan emas-inten. Adhedhasar proses panggarape material bab kemasan iki bisa diperang dadi loro yaiku cara nggawe lan cara ngrumat.

Teori Panlitén iki

Teori kang digunakake sajrone panlitén iki yaiku teori fitur dhistingtif teges (TFDT). Teori fitur dhistingtif teges utawa fitur pambeda dienggo mbedakake antara barang siji lan liyane kanthi nggunakake jlentrehan perangane teges lan struktur batin.

METODHE PANLITEN

Bab III iki bakal diandharake ngenani tatacarane panlitén, antarane yaiku (1) titikane panlitén, (2) ubarampene panlitén, (3) tatacarane panlitén. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

Titikane Panlitén

Titikane panlitén diperang dadi loro, yaiku (1) jinise panlitén lan (2) sipayat panlitén. Andharane bisa dideleng ing ngisor iki.

Jinis Panlitén

Panlitén iki kalebu panlitén linguistik dheskriptif, jalanan panlitén iki ngandharake ngenani sesambungan semantis paradigmatik lan sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan kanthi apa anane ing desa Kauman kecamatan Bangil kabupaten Pasuruan. Slaras karo panemune Alwasilah (1993:96), kang ngandharake yen panlitén dheskriptif yaiku linguistik kang menehi

dheskripsi lan analisis basa. Basa kasebut diandharake kepriye cara kerja lan panganggone para panutur ing wektu tartamtu.

Sipat Panlitén

Panlitén iki asipat sinkronis, amarga sing ditliti yaiku kedadeyan basa sing ana ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan. Panlitén sing asipat sinkronis yaiku panlitén basa sing dilakoni kanthi nlti kedadeyan sawijine basa ing wektu tartamtu ing sawijine dhaerah saengga sipayate dheskriptif (Mahsun, 2014:86).

Ubarampene Panlitén

Ubarampene panlitén sing diperang dadi papat yaiku (1) dhata panlitén, (2) sumber dhata, lan (3) instrumen panlitén. Andharan luwih cethane dijlentrehake siji mbaka siji kaya mangkene.

Dhata Panlitén

Dhata sajrone panlitén iki yaiku tetembungan bab kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan. Dhata kang arupa tetembungan ing basa Jawa iki kalebu dhata primer. Bab iki slaras karo panemune Sudaryanto (1993:10).

Sumber Dhata Panlitén

Sumber dhata sajrone panlitén iki ana telu yaiku asil wawancara, asil nyemak, lan catethan. Sumber dhata kang diolehi saka asile wawancara iki nduweni teges dhata diolehi saka wangulané panutur tumrap pitakon-pitakonan ngenani kemasan. Dene asil saka nyemak nduweni teges dhata diolehi saka nyemak tuturan saka panutur ngenani kemasan, ana ing kono panutur diwenehi kamardikan medharake apa wae kang nduweni gegayutan karo kemasan. Banjur catethan minangka sumber dhata kaping telu iki tegese yaiku dhata diolehi saka buku, kamus, artikel, utawa catethan kang nduweni gegayutan karo bab kemasan.

Instrumen Panlitén

Instrumen panlitén yaiku sakabehe piranti kang digunakake kanggo nglumpukake, mriksa, njlentrehake sawijine perkara, utawa nglumpukake, njlentrehake lan nyuguhake dhata-dhata kanthi cara sistematis sarta objektif. Instrumen dibutuhake kanggo nyengkuyung panlitén supaya bisa ngrampungake panlitén iki. Mula instrumen panlitén iki diperang dadi loro, yaiku (1) kanggo nglumpukake dhata lan (2) kanggo njlentrehake dhata. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

- 1) Kanggo nglumpukake dhata, instrumen kang dibutuhake yaiku piranti tulis, HP kanggo ngrekam, pituduh wawancara (kalebu pitakon-pitakon nalika wawancara).
- 2) Kanggo njlentrehake dhata, instrumen kang dibutuhake yaiku kamus-kamus basa kanggo ngoleki tembung-tembung kang durung dingertené, piranti tulis, laptop, lan buku-buku kanggo referensi.

Tatacarane Panliten

Tata carane nliti panliten iki diperang dadi telu, yaiku (1) tatacara nglumpukake dhata, (2) tatacara njlentrehake dhata, lan (3) tatacara nyuguuhake asil jlentrehane dhata. Luwih jangkepe mangkene.

Tatacara Nglumpukake Dhata

Tatacara nglumpukake dhata yaiku kanthi nglumpukake tembung-tembung kang kalebu ing bab kemasan. Anggone nglumpukake sumber dhata iki kanthi nggunakake metodhe semak lan teknik sadhap, amarga dhata sajrone panliten iki awujud dhata lisan. Saliyane metodhe semak, panliten iki uga nggunakake metodhe wawancara kanthi teknik pancing, amarga saka pacaturan kang ditindakake kasebut panliti bisa mancing informan saengga bisa nuwuuhake dhata kang dibutuhake. Saliyane metodhe lan teknik ing ndhuwur, dhata kang wis diklumpukake banjur diverifikasi. Supaya bisa nemtokake valid orane dhata kang wis diklumpukake. Validasi ditindakake dening panliti lan informan.

Tatacara Njlentrehake Dhata

Saka dhata-dhata sing wis diklumpukake kanthi nggunakake metodhe lan teknik ngumpulake dhata, banjur diidhentifikasi lan diklasifikasi. Sawise iku dijlentrehake nggunakake metodhe lan teknik jlentrehan dhata. Luwih cethane bisa dideleg tatacara ing ngisor iki.

Tetembungan bab kemasan kang wis diklumpukake banjur diidhentifikasi, lan diklasifikasi miturut tatacarane sajrone bab kemasan. Kanggo ngertenan jinise sesambungan semantis paradigmatik, tetembungan kasebut dijlentrehake nganggo perangan teges. Dene jinise sesambungan semantis sintagmatik nganggo jlentrehan struktur batin. Dhata kang wis kalebu ing dhata paradigmatik banjur dijlentrehake adhedhasar jinise paradigmatik yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Sawise dingertenan jinise, banjur tetembungan-tetembungan kasebut dipilih lan dipilah antarane tetembungan kang asipat netep lan ora netep. Tetembungan kang asipat netep sabanjure dienggo nuduhake jinise sesambungan sintagmatik kang arupa enkapsulasi, dene kang ora netep yaiku dhistribusi. Sawise dingertenan jinise sesambungan semantis sintagmatik, banjur digoleki drajet bebedane kanthi cara ngetung tandha setrip kang ana dibagi cacahe perangan teges dipping satus. Kaping pungkasan dhata kasebut diklompokake adhedhasar persentase drajet bebedane dadi telung kelas yaiku dhuwur, sedhengan, lan endhek.

Tatacara Nyuguuhake Asil Jlentrehane Dhata

Tatacara nyuguuhake asil jlentrehan dhata ing panliten iki ana loro yaiku formal lan informal. Kaya kang wis diandharake dening Sudaryanto (2015:241), metodhe kanggo nyuguuhake asil panliten ana loro yaiku metodhe formal lan metodhe informal. Kanthi cara informal, asil jlentrehan dhata disuguhake kanthi cara lapuran sing ditulis. Banjur kanthi cara formal, asil jlentrehan dhata disuguhake kanthi rumus kang arupa tabel. Saka tabel kuwi bisa diweduhi anane bebedan lan pepadhan antarane dhata-dhata kasebut, mula asile tabel kuwi awujud drajet

bebedan lan drajet pepadhan. Rumus kanggo nggoleki drajet bebedan yaiku cacahe tandha setrip dibage cacahe perangan teges dipping satus. Dene rumus kanggo nggoleki drajet pepadhan yaiku cacahe tandha tambah dibage cacahe perangan teges dipping satus.

$$DB = \frac{\text{Cacahe tandha} (-)}{\text{Cacahe perangan teges}} \times 100\%$$

$$DP = \frac{\text{Cacahe tandha} (+)}{\text{Cacahe perangan teges}} \times 100\%$$

JLENTREHAN DHATA LAN DHISKUSI ASIL PANLITEN

Bab IV iki kaperang dadi telu, yaiku (1) andharan lan jlentrehan dhata, (2) asil panliten, lan (3) dhiskusi asil panliten. Andharan jangkepe ing ngisor iki.


Andharan lan Jlentrehan Dhata Panliten

Andharan lan jlentrehan dhata iki diperang dadi loro, yaiku (1) jinise sesambungan semantis paradigmatik sajrone tetembungan bab kemasan, lan (2) jinise sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan. Cethane ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Paradigmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan

Adhedhasar jinise, sesambungan paradigmatik diperang dadi papat, yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Dene adhedhasar sipate ana loro, yaiku netep lan ora netep. Kanggo nemtokake sipat netep lan ora netepe tetembungan, kudu digoleki dhisik jinise sesambungan paradigmatike. Adhedhasar tatacara panggarape material, kemasan diperang dadi loro yaiku bab nggawe lan ngrumat. Saka rong perangan kuwi mau bisa diweduhi tetembungan-tetembungan apa wae kang ana sajrone bab kemasan. Banjur bisa digoleki jinise sesambungan paradigmatike, yaiku hiponim, kohiponim, hipernim, lan kohipernim. Luwih cethane bisa dideleg bagan ing ngisor iki.

**Bagan 4.1
Perangan Kemasan**



Bagan 4.1 ing ndhuwur nuduhake adhedhasar tatacara panggarape material, perangan saka kemasan ana loro, yaiku nggawe lan ngrumat. Sajrone bab nggawe lan ngrumat iki ana tetembungan-tetembungan kang dadi perangan sangsire saka kalorone. Senajan ana saperangan tetembungan kang padha antarane bab nggawe lan ngrumat, nanging ana kang mbedakake antara kalorone, mula supaya cetha andharan luwih jangkepe ing ngisor iki.


Sesambungan Semantis Paradigmatik Hiponim

Hiponim nduweni titikan sesambungan antarane perangan kang luwih mligi marang perangan kang luwih umum. Sesambungan iki ora bisa diwolak-walik, tegese hiponim ora bisa yen diwalik saka bab umum marang bab kang mligi, mula sesambungan hiponim iki digambarake

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

kanthi tandha panah mendhuwur (\uparrow). Luwih cethane bisa dideleng sajrone bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.2
Sesambungan Semantis Paradigmatik Hiponim



Katrangan :


- | | | |
|-----------------|------------|---------------|
| 1. ngluluh | 6. mbentuk | 11. matri |
| 2. nyithak | 7. ngronce | 12. nyengki |
| 3. ndhodhogi | 8. nyengki | 13. nggrising |
| 4. nggembreleng | 9. ngumbah | 14. nyepuh |
| 5. mblendhes | 10. nyepuh | |

Bisa dideleng yen kemasan diperang dadi loro adhedhasar panggarape matrial, yaiku nggawe lan ngrumat minangka pepanthane. Banjur sangisore kalorone ana titisiyaga, titilaksana, titipurna, ndandani, lan moles kang diarani bageyane bab kemasan. Dene tetembungan tatacara saka limang perangan kasebut minangka peprincene bab kemasan. Kanthi anane tandha panah kang arahé mendhuwur, wis cetha yen bagan ing ndhuwur nuduhake anane sesambungan hiponim sajrone bab kemasan. Adhedhasar tatarane sesambungan semantis paradigmatik hiponim diperang dadi telu, yaiku hiponim panggarape matrial bab kemasan, hiponim tataurute bab kemasan, lan hiponim tatacarane bab kemasan. Supaya luwih cetha bisa dideleng saka andharan lan jlentrehan ing ngisor iki.

1. Hiponim Panggarape Matrial sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Adhedhasar panggarape matrial bab kemasan diperang dadi loro, yaiku nggawe lan ngrumat. Rong perangan kasebut minangka pepanthane saka bab kemasan. Saengga bisa diarani yen sesambungan antarane pepanthane bab kemasan marang bab kemasan yaiku sesambungan hiponim panggarape matrial bab kemasan. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

Bagan 4.3
Hiponim Panggarape Matrial Bab Kemasan



Adhedhasar bagan ing ndhuwur bisa didudut yen sesambungan semantis paradigmatik kang arupa hiponim panggarape matrial yaiku sesambungan antarane nggawe lan ngrumat marang bab kemasan. Banjur anane tandha panah kang arahé mendhuwur (\uparrow) uga minangka bukti yen kalorone minangka hiponime saka kemasan, kang asipat searah mendhuwur lan ora kena diwolak-walik.

2. Hiponim Tataurut sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa


Bageyan saka bab kemasan yaiku perangan sangisore bab nggawe lan ngrumat, utawa kang diarani tataurute bab

kemasan. Mula saka kuwi bisa ditegesi yen hiponim tataurute bab kemasan yaiku sesambungan antarane bageyan utawa perangan kang luwih cilik saka bab nggawe lan ngrumat marang bab kasebut. Bab nggawe diperang dadi telu adhedhasar tataurute, yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Dene bab ngrumat diperang dadi loro, yaiku ndandani lan moles. Saengga bisa didudut yen titisiyaga, titilaksana, lan titipurna minangka hiponime bab nggawe, dene ndandani lan moles hiponime bab ngrumat. Andharan lan jlentrehan jangkepe bisa dideleng ana ing ngisor iki.

1) Hiponime Tataurut sajrone Bab Nggawe

Hiponim tataurut sajrone bab nggawe tegese yaiku anane sesambungan hiponim antarane bageyane bab kemasan marang bab nggawe. Bab nggawe dhewe diperang dadi telu adhedhasar tataurute, yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Iki bisa dibuktekake saka bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.4
Hiponime Tataurut sajrone Bab Nggawe



Bab nggawe adhedhasar tataurute diperang dadi telu, yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Saka bagan kasebut bisa diweruhi yen titisiyaga, titilaksana, lan titipurna nduweni sesambungan hiponim marang bab nggawe, amarga katelune ana ing panggon sangisore bab nggawe lan kalebu ing klas ngisor. Saka titisiyaga, titilaksana, lan titipurna diwenehi tandha panah kang arahé mendhuwur (\uparrow) kanggo nuduhake anane sesambungan hiponim saka katelune marang bab nggawe.


3. Hiponim Tatacara sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Hiponim tatacara iki kalebu ing hiponim princene bab kemasan, jalaran tatacara minangka peprincene saka bab kemasan. Saengga hiponim tatacarane bab kemasan yaiku sesambungan antarane peprincene bab kemasan marang klas sadhuwure utawa bageyan saka bab kemasan. Mula sesambungan antarane tetembungan-tetembungan kang minangka perangan saka titisiyaga, titilaksana, titipurna, ndandani, lan moles marang tetembungan sandhuwure kalebu ing hiponim tatacarane bab kemasan. Andharan lan jlentrehan jangkepe ana ing ngisor iki.

1) Hiponime Tatacara sajrone Titilaksana Bab Nggawe

Perangan saka titilaksana minangka peprincene saka bab kemasan, saengga slaras karo pangertene saka hiponim tatacara yaiku sesambungan antarane perangan kang dadi peprincene bab kemasan marang perangan sandhuwure. Titilaksana diperang dadi loro, yaiku mbentuk lan ngronce. Kalorone nduweni sesambungan hiponim marang titilaksana. Supaya jelas bisa dideleng saka bagan ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan



Adhedhasar bagan ing ndhuwur bisa didudut yen titilaksana diperang dadi loro, yaiku mbentuk lan ngronce. Mbentuk lan ngronce nduweni sesambungan hiponim marang bab titilaksana. Sangisore tatacara mbentuk lan ngronce ana tetembungan kang uga nduweni sesambungan hiponim marang tatacara kasebut, jalaran anane tandha panah mendhuwur.

Sesambungan Semantis Paradigmatik Kohiponim

Kohiponim tegese sesambungan antarane saben klas anggota kang ana ing sangisore klas ndhuwur sajrone bab kemasan. Kohiponim arahe mangiwa lan manengen, mula kango nuduhake anane sesambungan kohiponim diwenehi tandha mangiwa manengen (\leftrightarrow). Saka tandha panah kuwi uga bisa dingerten yen sipate kohiponim kuwi wolak-walik. Mula sajrone bab kemasan, bab ngrumat kohiponime bab nggawe, utawa bisa diwalik tatacara nggawe kohiponime bab ngrumat. Sajrone bab nggawe lan ngrumat uga ana tetembungan-tetembungan kang nduweni sesambungan kohiponim. Luwih cethane bisa dideleng ana ing andharan lan jlentrehan ngisor iki.

1. Kohiponim Panggarape Matrial sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Kohiponim panggarape matrial bab kemasan tegese yaiku sesambungan antarane pepanthane bab kemasan. Mula, bab nggawe minangka kohiponime saka bab ngrumat utawa sewalike. Sesambungan iki bisa dibuktekake saka anane tandha panah mangiwa manengen (\leftrightarrow) ing bagan 4.3. Sawise diandharake ngenani kohiponim panggarape matrial bab kemasan, bakal dibacutake kohiponim tataurut kang minangka bageyan sajrone bab kemasan. Andharan lan jlentrehan ing ngisor iki.

2. Kohiponim Tataurut sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Kohiponim tataurute bab kemasan yaiku sesambungan antarane bageyan-bageyan bab kemasan. Bageyan saka bab kemasan ana lima kang diperang adhedhasar pepanthane yaiku nggawe lan ngrumat. Sajrone bab nggawe ana telung bageyan yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Dene bab ngrumat ana ndandani lan moles. Selaras karo titikane kohiponim, sesambungan kang arahe mangiwa manengen (\leftrightarrow), saengga bisa diwolak-walik.

Bab nggawe diperang dadi telu yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Mula, bisa diandharake yen titisiyaga minangka kohiponime saka titilaksana, lan titipurna. Dene sajrone bab ngrumat mung ana rong perangan, yaiku ndandani lan moles. Mula, ndandani

minangka kohiponime saka moles, semana uga moles kang minangka kohiponime saka ndandani. Sabanjure bakal diandharake lan dijlentrehake ngenani sesambungan sesamantis paradigmatik kohiponim tatacara bab kemasan.

3. Kohiponim Tatacara sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Kohiponim tatacarane bab kemasan iki minangka sesambungan antarane perangan kang dadi peprincene saka bab kemasan. Peprincene bab kemasan yaiku perangan kang manggon sangisore limang bageyan bab kemasan, yaiku titisiyaga, titilaksana, titipurna, ndandani, lan moles. Luwih cethane bisa dideleng andharan lan jlentrehan ing ngisor iki.


1) Kohiponime Tatacara sajrone Titisiyaga Bab Nggawe

Adhedhasar bagan 4.6 bisa diweruhi yen titisiyaga diperang dadi lima, yaiku ngluluh, nyithak, ndhodhogi, nggembrelleng, lan mblendhes. Limang perangan iki minangka peprincene bab kemasan kang kalebu ing bab titisiyaga. Mula, tatacara ngluluh minangka kohiponime saka nyithak, ndhodhogi, nggembrelleng, lan mblendhes. Sangisore limang tatacara iki isih ana tetembungan-tetembungan kang uga nduweni sesambungan kohiponim.

Sesambungan Semantis Paradigmatik Hipernim

Hipernim bisa dititiki saka anane sesambungan antarane superordinat utawa klas ndhuwur marang klas ngisor kang diarani subordinat. Saka titikan kuwi bisa dingerten yen arahe saka hipernim yaiku saka ndhuwur mara mengisor, mula kango nggampangake diwenehi tandha panah mangisor (\downarrow). Andharan luwih cethane ana ing ngisor iki.

Bagan 4.11
Sesambungan Semantis Paradigmatik Hipernim



Katrangan :

- | | | |
|------------------|------------|---------------|
| 1. ngluluh | 6. mbentuk | 11. nyepuh |
| 2. nyithak | 7. ngronce | 12. nyengki |
| 3. ndhodhogi | 8. nyengki | 13. nggrising |
| 4. nggembrelleng | 9. ngumbah | 14. nyepuh |
| 5. mblendhes | 10. nyepuh | |


Adhedhasar bagan ing ndhuwur bisa dingerten yen sesambungan hipernim antarane bab kemasan marang perangan-perangan ing ngisore. Tandha panah mengisor uga nuduhake yen sesambungan iki ora bisa diwolak-walik. Ing ngisor iki andharan lan jlentrehan ngenani sesambungan hipernime saka tetembungan-tetembungan kang ana ing saben pamerange bab kemasan. Andharan lan jlentrehane ana ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

1. Hipernim Panggarape Matrial sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Sesambungan antarane bab kemasan marang perangan kang dadi pepanthane bab kemasan yaiku sesambungan hipernim panggarape matrial bab kemasan. Luwih cethane bisa dideleng bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.12
Hipernim Panggarape Matrial Bab Kemasan



Adhedhasar bagan 4.12 bisa dingertenan anane sesambungan hipernim antarane kemasan marang bab nggawe lan ngrumat. Bab nggawe lan ngrumat minangka klas anggota utawa pepanthane saka kemasan, saengga sesambungan iki kalebu ing sesambungan hiponim panggarape matrial bab kemasan.


2. Hipernim Tataurut sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Hipernim tataurute bab kemasan yaiku sesambungan antarane pepanthane bab kemasan marang bageyane bab kemasan utawa perangan kang luwih cilik saka bab nggawe lan ngrumat. Bab nggawe diperang dadi telu adhedhasar tataurute, yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Dene bab ngrumat diperang dadi loro, yaiku ndandani lan moles. Saengga bisa didudut yen bab nggawe nduweni sesambungan hipernim marang titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Banjur bab ngrumat minangka hipernime ndandani lan moles. Luwih jelase bisa dideleng ana ing ngisor iki.

1) Hipernime Tataurut sajrone Bab Nggawe

Hipernim tataurut sajrone bab nggawe tegese yaiku sesambungan antarane bab nggawe marang bageyan saka bab kemasan. Adhedhasar tataurute, bab nggawe diperang dadi telu yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Saengga bisa bab nggawe minangka hipernime saka telung perangan kasebut. Supaya luwih cetha bisa dideleng bagan ing ngisor iki.

Bagan 4.13
Hipernime Tataurut sajrone Bab Nggawe



Bagan 4.13 ing ndhuwur nuduhake anane sesambungan hipernim antarane bab nggawe marang anggota klas sangisore, yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Anane tandha panah mangisor uga nuduhake yen sesambungan antarane bab nggawe marang perangan sangisore yaiku sesambungan hipernim. Saka kene bisa didudut yen sesambungan hipernim tataurut sajrone bab nggawe yaiku sesambungan antarane bab nggawe minangka superordinate marang titisiyaga, titilaksana, lan titipurna.

3. Hipernim Tatacara sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa


Hipernim tatacarane bab kemasan yaiku sesambungan antarane bageyan saka bab kemasan marang

peprincene bab kemasan utawa klas sangisore bageyane bab kemasan. Bageyan saka bab kemasan ana lima, mula sesambungan hipernim tatacara bab kemasan yaiku sesambungan antarane titisiyaga, titilaksana, titipurna, ndandani, lan moles marang tetembungan-tetembungan kang dadi tatacarane ing saben tataurute bab kemasan. Luwih cethane ing ngisor iki.

1) Hipernime Tatacara sajrone Titilaksana Bab Nggawe

Titilaksana minangka bageyane saka bab kemasan, dene tatacara mbentuk lan ngronce minangka peprincene bab kemasan. Hipernim tatacara sajrone titilaksana yaiku sesambungan antarane bab titilaksana marang mbentuk lan ngronce. Luwih cethane delengen ing ngisor iki.

Bagan 4.16
Hipernime Tatacara sajrone Titilaksana Bab Nggawe



Bagan 4.16 ing ndhuwur nuduhake perangane saka titilaksana kang diperang dadi loro, yaiku mbentuk lan ngronce. Saengga titilaksana nduweni sesambungan hipernim marang tatacara mbentuk lan ngronce. Adhedhasar bagan ing ndhuwur uga bisa didudut yen tatacara mbentuk minangka hipernime nyowes, ngempus, ngecap, ngukur, ngethok, nimbang, ngronce, nyupit, nyathem, malu, mbolongi, lan nggarisi. Tatacara ngronce uga nduweni sesambungan paradigmatik marang ngethok, nyupit, masang bahan, lan nimbang kang dadi subordinate saka tatacara ngronce.

Sesambungan Semantis Paradigmatik Kohipernim

Kohipernim kuwi sesambungan antarane tetembungan-tetembungan perangan kang isih nduwe perangan maneh kang luwih mligi utawa sesambungan antarane hipernim-hipernim. Titikan kapindho saka kohipernim yaiku arane kang horisontal, saengga kanggo mbedakake karo kohiponim tandha kang digawe yaiku kaya mangkene (↔). Saka tandha kasebut bisa dingertenan yen perangan kuwi nduweni sesambungan paradigmatik kang aran kohipernim. Luwih cethane bisa dideleng anaing andharan lan jlentrehan ngisor iki.

1. Kohipernim Panggarape Matrial sajrone Bab Kemasan minangka Tatacara Panguripane Wong Jawa

Kohipernim panggarape matrial tegese yaiku sesambungan antarane perangan kang dadi hipernime saka pepanthane bab kemasan. Sesambungan kohipernim uga bisa dititiki saka anane tandha panah mangiwa manengen kaya mangkene (↔). Adhedhasar bagan 4.11 bisa dingertenan yen bab nggawe lan ngrumat minangka pepanthane saka bab kemasan. Dene kemasan minangka hipernime. Mula kohipernim panggarape matrial ora ana, amarga hipernime saka pepanthane bab kemasan yaiku kemasan, dene kemasan ora nduweni gandhengan ing pinggire, saengga ora nduweni sesambungan paradigmatik kohipernim.

**Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan
ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan**

**2. Kohipernim Tataurut sajrone Bab Kemasan minangka
Tatacara Panguripane Wong Jawa**

Kohipernim tataurute bab kemasan yaiku sesambungan antarane hipernim-hipernim saka bageyane bab kemasan. Wis dingertenin yen bageyane saka bab kemasan yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna, minangka perangan saka bab nggawe, dene ndandani lan moles minangka bageyan bab kemasan saka perangane bab ngrumat. Mula kang dadi hipernim saka tataurute bab kemasan yaiku nggawe lan ngrumat, amarga kekarone manggon ana sandhuwure perangan kang dadi tataurute bab kemasan. Saengga bisa didudut yen sesambungan kohipernim tataurute bab kemasan yaiku sesambungan antarane bab nggawe lan ngrumat. Sawise andharan lan jlentrehan ngenami kohipernim tataurute, banjur dibacutake sajrone kohipernim tatacarane bab kemasan.

**3. Kohipernim Tatacara sajrone Bab Kemasan minangka
Tatacara Panguripane Wong Jawa**

Kohipernim tatacara tegese yaiku sesambungan antarane perangan kang manggon ing sandhuwure peprincene bab kemasan. Tataurute bab nggawe ana telu yaiku titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Sajrone titisiyaga ana lima tatacara, yaiku ngluluh, nyithak, ndhodhogi, nggembeleng, lan mblendhes, banjur titilaksana ana rong tatacara, mbentuk, lan ngronce, dene titipurna ana telu, yaiku nyengki, ngumbah, lan nyepuh. Banjur tataurute bab ngrumat ana loro, yaiku ndandani kanthi tatacara matri, lan nyengki, dene moles, tatacara nggrising, lan nyepuh. Saengga bisa didudut yen kohipernim tatacara sajrone bab kemasan yaiku sesambungan antarane titisiyaga, titilaksana, lan titipurna, lan sesambungan antarane ndandani lan moles. Limang perangan iki ora bisa didadekake siji amarga nduweni perangan ndhuwur kang beda.

Sesambungan Semantis Paradigmatik kang Asipat Netep

Sesambungan antarane tetembungan kang ora bisa disubstitusi nanging bisa njangkepi antara siji lan sijine kalebu ing sesambungan semantis paradigmatik kang asipat netep. Sipat netep iki bisa dienggo nuduhake enkapsulatif tetembungan bab kemasan. Dhaftar tetembungan sajrone bab kemasan kang asipat netep bisa dideleng ing andharan lan jlentrehan ngisor iki.

**1. Tetembungan sajrone Bab Nggawe Kemasan kang
Asipat Netep**

Tetembungan-tetembungan sajrone bab nggawe kemasan kang asipat netep iki bisa kanggo nuduhake enkapsulatif tetembungan. Nanging sadurunge iku, bisa dideleng dhaftar tetembungan-tetembungan kang asipat netep sajrone titilaksana bab nggawe kemasan ing ngisor iki.

Dhaftar 4.6

Tetembungan Bab Nggawe kang Asipat Netep

TATAURUT	NO.	TETEMBUNGAN
Titisiyaga	1	nggawe campuran
	2	nyowes
	3	ngempus
	4	ngudhek
	5	ngecurake ledengan lantak
	6	ngadhemake
	7	nyupit
	8	mblendhes

	9	ngukur kawat
	10	ngethok

1) Tetembungan kang Asipat Netep sajrone Tataurut Titisiyaga

Adhedhasar dhaftar 4.6 ing ndhuwur bisa dingertenin tetembungan sajrone titisiyaga kang asipat netep. Dhata kasebut banjur dianalisis nganggo fitur dhistingtif teges kanggo mbedakake saben tetembungan kanthi perangan-perangane teges sing ana ing saben tetembungan. Perangan teges kasebut bisa kanggo negesi tetembungan-tetembungan bab titisiyaga. Luwih cethane bisa dideleng saka tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.1

**Drajat Bebedan lan Drajat Pepadhan Tetembungan Titisiyaga kang
Asipat Netep**

NO	Tipe Makna Tetembungan	Tipe Makna					DB	DP
		a	b	c	d	e		
1	nggawe campuran	+	-	-	-	-	80%	20%
2	nyowes	+	-	-	-	-	80%	20%
3	ngempus	+	-	-	-	-	80%	20%
4	ngudhek	+	-	-	-	-	80%	20%
5	ngecurake ledengan lantak	-	+	-	-	-	80%	20%

Katragan:

a = pakaryane ngluluh d = pakaryane nggembeleng

b = pakaryane nyithak e = pakaryane mblendhes

c = pakaryane ndhodhogi

Adhedhasar tabel 4.1 ing ndhuwur bisa dingertenin yen tetembungan sajrone tataurut titisiyaga kang asipat netep nduweni persentase DB 80% lan DP 20%. Tandha kurang tegese yaiku ora ana ing perangan tegese, dene tandha tambah tegese ana ing perangan tegese. Perangan teges utawa komponen makna ing ndhuwur ana lima, yaiku pakaryane ngluluh, pakaryane nyithak, pakaryane ndhodhogi, pakaryane nggembeleng, lan pakaryane mblendhes. Perangan teges iki kanggo mbedakake antarane tetembungan-tetembungan sajrone titisiyaga bab nggawe kemasan kang asipat netep, ateges ora kena nyulihi tetembungan liyane. Tetembungan-tetembungan kasebut banjur ditegesi, kaya ing ngisor iki.

(1) nggawe campuran

Nggawe campuran yaiku tetembungan sajrone bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang kemasan, kang kalebu bab nggawe minangka bageyane titisiyaga tatacara ngluluh kang awujud pakaryan nyampurake bahan-bahane lantak sajrone kowi miturut kadhar kang dikarepake. Bahane lantak ana wiji emas, wiji perak, wiji tembaga, wiji kuningan, pinjer, lan sendawa.

(2) nyowes

Nyowes yaiku tetembungan sajrone bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang kemasan, kang kalebu bab nggawe minangka bageyane titisiyaga tatacara ngluluh kang awujud pakaryan ngobong campuran supaya dadi ledengan lantak kanthi piranti cowesan.

(3) ngempus

Ngempus yaiku tetembungan sajrone bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang kemasan, kang kalebu bab nggawe minangka bageyane titisiyaga tatacara ngluluh kang awujud pakaryan mompa angin kanggo nyowesi campuran bahan kanthi piranti kempus, lan tengki kang diis bensin.

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

(4) ngudhek

Ngudhek yaiku tetembungan sajrone bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang kemasan, kang kalebu bab nggawe minangka bageyane titisiyaga tatacara ngluluh kang awujud pakaryan ngobahake mubeng piranti penudung supaya campurane bisa rata.

(5) ngecurake ledengan lantak

Ngecurake ledengan lantak yaiku tetembungan sajrone bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang kemasan, kang kalebu bab nggawe minangka bageyane titisiyaga tatacara nyithak kang awujud pakaryan nyuntek ledengan lantak menyang piranti singen supaya bisa dadi bakalan wungkul.

Sesambungan Semantis Paradigmatik kang Asipat Ora Netep

Sipate sesambungan semantis paradigmatik kang kapindho yaiku ora netep, tegese sesambungan kasebut bisa disulih utawa nyulih perangan liyane. Mula tetembungan sajrone bab kemasan kang asipat ora netep iki mengko bisa dienggo nuduhake sesambungan semantis sintagmatik kang arupa dhistributif. Sadurunge iku, bisa dideleng andharan lan jlentrehan ngenani sipate paradigmatik kang ora netep ing ngisor iki.

1. Tetembungan sajrone Bab Nggawe Kemasan kang Asipat Ora Netep

Slaras karo andharan ing ndhuwur yen tetembungan kang asipat ora netep kuwi bisa disubstitusi utawa disulih karo tetembungan liyane, mula bisa dienggo nuduhake dhistributife tetembungan. Ing ngisor iki ana dhaftar tetembungan sajrone bab nggawe kemasan kang asipat ora netep.

Dhaftar 4.8

Tetembungan Bab Nggawe kang Asipat Ora Netep		
TATAURUT	NO.	TETEMBUNGAN
Titisiyaga	1	malu
	2	ngethok
Titilaksana	3	nimbang
	4	nyupit
Titipurna	5	nyikat
	6	nggirahi

Dhaftar 4.8 nuduhake cacache tetembungan bab nggawe kemasan kang asipat ora netep mung ana 6. Nem tetembungan iki kasebar ana ing titisiyaga, titilaksana, lan titipurna. Tetembungan kang asipat ora netep sajrone titisiyaga ana siji, yaiku malu. Banjur sajrone titilaksana ana telu, yaiku ngethok, nimbang, lan nyupit. Dene tetembungan kang ora netep sajrone bab titipurna ana loro, yaiku nyikat, lan nggirahi. Sawise diweruhi tetembungan sajrone bab nggawe kang asipat ora netep, banjur tetembungan-tetembungane diandharake kanthi fitur dhistingtif teges. Supaya ora bingung bisa dideleng ing ngisor iki.

1) Tetembungan kang Asipat Ora Netep sajrone Tataurut Titisiyaga

Adhedhasar dhaftar tetembungan bab nggawe kang asipat ora netep bisa diweruhi yen tetembungan kang asipat dhistributif sajrone bab titisiyaga cacache mung siji, yaiku malu. Dhata kasebut banjur dianalisis nggunakake fitur dhistingtif teges utawa fitur pambeda. Fitur pambeda iki kango mbedakake tetembungan kanthi ndeleng

perangan-perangan teges sajrone tetembungan kasebut. Perangan teges iki bisa dadi titikan sing luwih mligi kango negesi tetembungan sing ana. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

Tabel 4.6

Drajat Bebedan lan Drajat Pepadhan Tetembungan Titisiyaga kang Asipat Ora Netep

NO.	Tipe Makna Tetembungan	Tipe Makna					DB	DP
		a	b	c	d	e		
1	malu	-	+	+	-	-	60%	40%

Katrangan:

a = pakaryane ngluluh d = pakaryane nggembreleng

b = pakaryane nyithak e = pakaryane mblendhes

c = pakaryane ndhodhogi

Tabel 4.6 nuduhake yen DB tetembungan malu 60%, banjur DP 40%. Tandha kurang nuduhake yen tetembungan kasebut ora ana ing perangan tegese, dene tandha tambah ana ing perangan tegese. Tetembungan kasebut banjur ditegesi, kaya ing ngisor iki

(1) malu

Malu yaiku tetembungan sajrone bidhang tatacara panguripane wong Jawa subbidhang kemasan, kang kalebu bab nggawe minangka bageyane titisiyaga tatacara ndhodhogi lan nggembreleng kang awujud pakaryan nuthuk bakalan supaya dadi tipis miturut ukurane kanthi piranti palu gedhe, palu cilik, dhodhog lan paron.

Sesambungan Semantis Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan

Sesambungan semantis sintagmatik yaiku sesambungan antarane guru warga kang asipat sejajar utawa linier. Jinise saka sesambungan sintagmatik iki ana loro yaiku enkapsulatif lan dhistributif. Adhedhasar jinise, sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan diperang dadi loro yaiku (1) sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan kang arupa enkapsulatif, lan (2) sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan kang arupa dhistributif. Sipate sesambungan sintagmatik kasebut diandharake lan dijlentrehake ing ngisor iki.

Sesambungan Semantis Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan kang Arupa Enkapsulatif

Enkapsulatif yaiku komponen tembung saka komponen *modifikasi* sintagmatik. Tegese tetembungan kasebut asipat ora substitutif utawa ora bisa diganti tetembungan liyane. Adhedhasar persentase DB, sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan kang arupa dhistributif diperang dadi telu, yaiku (1) enkapsulasi kadhar dhuwur, (2) enkapsulasi kadhar sedhengan, lan (3) enkapsulasi kadhar endhek.

1. Enkapsulasi Kadhar Dhuwur

Enkapsulasi kadhar dhuwur tegese yaiku sesambungan antarane tetembungan kang tandha kurang luwih akeh timbang tandha tambah, saengga tetembungan kasebut mung sumebar ana ing saperangan sitik saka perangan tegese. Enkapsulasi kadhar dhuwur yaiku nduweni titikan tetembungane bab kemasan kang nduweni DB luwih saka 75% ($\geq 75\%$). Perangan bab

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

kemasan kang kalebu ing enkapsulasi kadhar dhuwur yaiku bab titisiyaga kanthi drajat bebedan 80%. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

1) Enkapsulatif Tetembungan Bab Titisiyaga

Titisiyaga kalebu ing enkapsulasi kadhar dhuwur amarga tetembungan nduweni persentase drajat bebedan 80%. Tetembungan bab titisiyaga kang asipat netep ora bisa disubstitusi. Mula mung manggon ing salah siji perangan tegese wae, semana uga ing sesambungan sintagmatik. Delengen tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.11

Tetembungan sajrone Titisiyaga kang Asipat Enkapsulatif

No	Tetembungan	Bedane Tetembungan								Tipe Makna
		nyampur bahan	nyuled	diidak	mbakali	njupuk	menihu ukuran	nipisake	diangin-anginake	
1	nggawe campuran	✓	x	x	x	x	x	x	x	ngluluh
2	nyowes	x	✓	x	x	x	x	x	x	ngluluh
3	ngempus	x	x	✓	x	x	x	x	x	ngluluh
4	ngudhek	✓	x	x	x	x	x	x	x	ngluluh
5	ngecurake ledengan lantak	x	x	x	✓	x	x	x	x	nyithak

Adhedhasar tabel 4.11, bisa dingertené yen tetembungan nggawe campuran, nyowes, ngempus, ngudhek, ngecurake ledengan lantak, ngadhemake, nyupit, mblendhes, ngukur kawat, lan ngethok minangka enkapsulator kang dibedakake adhedhasar nyampur bahan, ngorek, diidak, mbakali, njupuk, meruhi ukuran, nipisake, diangin-anginake, lan maro. Dene ngluluh, nyithak, lan mblendhes minangka enkapsulasine.

Enkapsulator kuwi nduweni pola kang slaras marang enkapsulasine. Saengga tetembungan nggawe campuran, nyowes, ngempus, lan ngudhek nduweni pola keslarasan karo tatacara ngluluh, semana uga sing liyane. Tuladhane yaiku tatacara ngluluh minangka enkpasulasine saka tetembungan ngempus, ateges ngempus mung ana ing jero tatacara ngluluh, semana uga tetembungan-tetembungan kang asipat netep sajrone titisiyaga bab nggawe kemasan liyane. Luwih cethane bisa dideleng ing tabel ngisor iki.

Tabel 4.12

Enkapsulasiné Tetembungan Titisiyaga

Tetembungan	Tipe Makna				
	tatacara ngluluh	tatacara nyithak	tatacara ndhodhogi	tatacara ngembang	tatacara mblendhes
nggawe campuran	✓	x	x	x	x
nyowes	✓	x	x	x	x
ngempus	✓	x	x	x	x
ngudhek	✓	x	x	x	x
ngecurake ledengan lantak	x	✓	x	x	x

Saka tabel ing ndhuwur bisa dideleng yen tetembungan sajrone titisiyaga bab nggawe kemasan kang asipat enkapsulatif utawa netep ora bisa disulihit utawa nyulihi tetembungan liyane. Tandha centhang (✓) ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan kasebut ora bisa diganti ing tatacara liya, dene tandha silang (x) nuduhake tetembungan kasebut bisa diganti. Tuladhane yaiku tetembungan ngempus minangka perangan saka tatacara ngluluh, saengga ngempus kang minangka enkapsulator, enkapsulasi marang tatacara ngluluh. Ngempus ora bisa diganti dadi mblendhes, amarga mblendhes minangka

perangan saka tatacarane mblendhes, semana uga tetembungan-tetembungan liyane kang asipat enkapsulatif.

2. Enkapsulasi Kadhar Sedhengan

Enkapsulasi kadhar sedhengan yaiku sesambungan antarane tetembungan kang ora bisa disubstitusi lan nduweni persentase drajat bebedan luwih saka 55% kurang saka 75% ($55\% \leq X < 75$). Saengga kabeh tetembungan kang asipat netep lan nduweni persentase drajat bebedan antarane 55% nganti 75% kalebu ing enkapsulasi kadhar sedhengan, kaya tetembungan-tetembungan sing asipat netep sajrone bab tipurna kang nduweni persentase drajat bebedan 66,7%. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

1) Enkapsulatif Tetembungan Bab Titipurna

Tabel 4.3 nuduhake yen persentase DB tetembungan bab tipurna yaiku 66,7%, mula kalebu ing enkapsulasi kadhar sedhengan. Tetembungan bab tipurna kang asipat netep ora bisa disubstitusi. Mula mung manggon ing salah siji perangan tegese wae, semana uga ing sesambungan sintagmatik Luwih cethane bisa dideleng ing tabel lan jlentrehan ngisor iki.

Tabel 4.13

Tetembungan sajrone Titipurna kang Asipat Enkapsulatif

No	Tetembungan	Bedane Tetembungan					Tipe Makna
		nalisuke	nggilapake	menehi obat	aggewe obat	masak	
1	ngikir	✓	x	x	x	x	nyengki
2	ngamplas	✓	x	x	x	x	nyengki
3	mbesik	✓	x	x	x	x	nyengki
4	ngobati	x	x	✓	x	x	nyengki
5	nggiling	x	✓	x	x	x	nyengki

Tabel 4.13 nuduhake tetembungan sajrone tatacarane bab tipurna kang asipat enkapsulatif dibedakake adhedhasar 6 tetembungan kang dadi perangan tegese yaiku ngalusake, nggilapake, menehi obat, nggawe obat, masak, lan njupuk saka banyu. Tetembungan ngikir, ngamplas, mbesik, ngobati, lan nggiling minangka enkpasulator. Banjur tetembungan kang dadi enkapsulasine yaiku nyengki lan nyepuh.

Enkapsulator nduweni pola kang slaras marang enkapsulasine. Tuladhane yaiku tatacarane nyepuh minangka enkapsulasine saka tetembungan nglerek, ateges nglerek mung ana ing njerone tatacara ngumbah. Semana uga tetembungan-tetembungan kang asipat netep sajrone tipurna bab nggawe kemasan liyane. Luwih cethane bisa dideleng ing tabel ngisor iki.

Tabel 4.14

Enkapsulasiné Tetembungan Titipurna

Tetembungan	Tipe Makna		
	tatacara nyengki	tatacara ngumbah	tatacara nyepuh
ngikir	✓	x	x
ngamplas	✓	x	x
mbesik	✓	x	x
ngobati	✓	x	x
nggiling	✓	x	x

Saka tabel 4.14 ing ndhuwur bisa dideleng yen tetembungan sajrone tipurna bab nggawe kemasan kang asipat enkapsulatif utawa netep ora bisa disulihit utawa nyulihi tetembungan liyane. Tandha centhang (✓) ing ndhuwur nuduhake yen tetembungan kasebut ora bisa

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

diganti ing tatacara liya, dene tandha silang (x) nuduhake tetembungan kasebut bisa diganti. Tuladhané yaiku tetembungan nglerek kang minangka enkapsulator, lan tatacara ngumbah minangka enkapsulasine nduwéni pola kaslarasan. Nglerek ora bisa disulih dadi mbesik, amarga mbesik minangka perangan saka tatacara nyengki, semana uga tetembungan-tetembungan liyane kang asipat enkapsulatif. Saengga antarane enkapsulator lan tetembungan kang dadi enkapsulasine nduwéni pola kang salaras, lan ora bisa disulih.

3. Enkapsulasi Kadhar Endhek

Enkapsulasi kadhar endhek tegese yaiku sesambungan antarane tetembungan kang ora bisa disubstitusi lan nduwéni persentase drajat bebedan kurang saka 55% (<55%). Perangan bab kemasan kang kalebu ing enkapsulasi kadhar endhek yaiku tataurut titilaksana, ndandani, lan moles kanthi persentase drajat bebedan 50% kabeh. Andharan jangkepe ing ngisor iki.

1) Enkapsulatif Tetembungan Bab Titilaksana

Kanthi DB 50% titilaksana kalebu ing enkapsulasi kadhar endhek amarga nduwéni drajat bebedan sangisore 55%. Saliyane kuwi ing andharan lan jlentrehan sipate sesambungan paradigmatik ing ndhuwur uga wis dingertení tetembungan bab titilaksana kang asipat enkapsulatif, tegese tetembungan kasebut ora bisa disulih utawa disubstitusi. Supaya luwih cetha bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.15

Tetembungan sajrone Titilaksana kang Asipat Enkapsulatif

No.	Tetembungan	Bedane Tetembungan							Tipe Makna
		nyowes	diidak	nggawe corak	meruhi ukuran	ngrangke mas	nuthuk	nggawe pola	
1	nyowes	✓	X	X	X	X	X	X	mbentuk
2	ngempus	X	✓	X	X	X	X	X	mbentuk
3	ngecap	X	X	✓	X	X	X	X	mbentuk
4	ngukur	X	X	X	✓	X	X	X	mbentuk
5	ngronce	X	X	X	✓	X	X	X	mbentuk

Adhedhasar tabel 4.15 bisa diweruhi yen tetembungan sajrone titilaksana bab nggawe kemasan kang asipat enkapsulatif dibedakake adhedhasar ngorek, diidak, nggawe corak, meruhi ukuran, ngrangke mas-masan, nuthuk, nggawe pola, lan ngrangke rerenggan. Tetembungan nyowes, ngempus, ngecap, ngukur, ngronce iku minangka enkapsulatore. Dene tatacarane mbentuk, lan ngronce minangka enkapsulasine.

Kabeh tetembungan kang asipat enkapsulatif utawa netep minangka enkapsulator, dene perangane tatacarane bab titilaksana minangka enkapsulasine. Enkapsulator lan enkapsulasi nduwéni pola kaslarasan. Luwih cethane bisa dideleng saka tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.16

Enkapsulasiné Tetembungan Titilaksana

Tetembungan	Tipe Makna	
	tatacarane mbentuk	tatacarane ngronce
nyowes	✓	x
ngempus	✓	x
ngecap	✓	x
ngukur	✓	x
ngronce	✓	x

Adhedhasar tabel ing ndhuwur bisa diweruhi yen saben enkapsulator mung nduwe siji enkapsulasi Tuladhané yaiku tetembungan masang bahan iku mesthi tatacarane ngronce, mula ora bisa diganti masang bahan dadi tatacarane mbentuk. Semana uga tetembungan liyane kang ora bisa disulih.

Sesambungan Semantis Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan kang Arupa Dhistributif

Jinise sesambungan semantis sintagmatik dhistributif yaiku sesambungan sajrone tetembungan kang bisa disubstitusi utawa bisa disebar ana ing panggonan liyane. Tetembungan-tetembungan kasebut bisa manggon ana ing rong perangan utawa luwih. Adhedhasar persentase drajat pepadhane, sesambungan semantis sintagmatik sajrone tetembungan bab kemasan kang arupa dhistributif diperang dadi telu, yaiku (1) dhistribusi kadhar dhuwur, (2) dhistribusi kadhar sedhengan, lan (3) dhistribusi kadhar endhek.

1. Dhistribusi Kadhar Dhuwur

Dhistribusi kadhar dhuwur tegese yaiku sesambungan antarane tetembungan kang nduwéni tandha tambah ing kabeh saka perangan tegese, saengga tetembungan kasebut sumebar ing kabeh perangan tegese. Rumus kang dienggo yaiku $M+1SD < X$. Saengga bisa didudut yen dhistribusi kadhar dhuwur yaiku sesambungan antarane tetembungan bab kemasan kang nduwéni DP luwih saka 90% (>90%). Perangan bab kemasan kang kalebu dhistribusi kadhar dhuwur yaiku, titilaksana, ndandani, lan moles kanthi persentase DP 100%. Luwih cethane delengen ing ngisor iki.

1) Dhistributife Tetembungan Bab Titilaksana

Tetembungan bab titilaksana kang asipat ora netep kalebu ing dhistribusi kadhar dhuwur, jalaran Dpne 100%. Slaras karo titikane dhistribusi kadhar dhuwur. Saliyane kuwi tetembungan kang asipat ora netep bisa dishistribusekake ing perangan teges liyane. Mula bisa manggon ing sakabehe perangan tegese, semana uga ing sesambungan sintagmatik. Luwih cethane deleng tabel ing ngisor iki.

Tabel 4.21
Tetembungan sajrone Titilaksana kang Asipat Dhistributif

No.	Tetembungan	Bedane Tetembungan							Tipe Makna
		ngguning	meruhi bobot	masang renggan	nijupuk barang	ngraiji	tatacarane mbentuk	tatacarane ngronce	
1	ngethok	✓	x	x	x	✓	✓	✓	mbentuk, ngronce
2	nimbang	x	✓	x	x	x	✓	✓	mbentuk, ngronce
3	nyupit	x	x	✓	✓	x	✓	✓	mbentuk, ngronce

Adhedhasar tabel ing ndhuwur dingertení tetembungan sajrone titilaksana bab nggawe kemasan kang asipat dhistributif ana telung tetembungan, yaiku ngethok, nimbang, lan nyupit kang minangka distributor. Tetembungan-tetembungan kasebut dibedakake adhedhasar ngguning, meruhi bobot, masang rerenggan, nijupuk barang cilik, ngraiji, tatacarane mbentuk, lan tatacarane ngronce. Distributor iki bisa manggoni luwih saka saperangan tegese. Mula tetembungan kang asipat

Sesambungan Semantis Paradhigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

dhistributif iki bisa didistribusikake ing luwih saka saperangan tetembungan kang dadi dhistribusine. Tabel ing ngisor iki bakal ngandharake luwih cetha ngenani dhistribusine tetembungan sajrone titilaksana kang asipat dhistributif.

**Tabel 4.22
Dhistribusine Tetembungan Titilaksana**

Tetembungan	Tipe Makna	
	tatacarane mbentuk	tatacarane ngronce
ngethok	✓	✓
nimbang	✓	✓
nyupit	✓	✓

Adhedhasar tabel ing ndhuwur diweruhi yen tandha centhang saben tetembungan cacahe padha yaiku loro. Tetembungan-tetembungan kang asipat dhistributif ora mung manggon ing tatacara mbentuk wae, nanging uga bisa manggon ana ing tatacara-tatacara liyane kang dadi perangan saka bab titilaksana. Tuladhané yaiku tetembungan ngethok minangka salah siji perangan saka tatacara mbentuk, saliyane iku ngethok uga minangka perangan saka tatacara ngronce, semana uga liyane.

2. Dhistribusi Kadhar Sedhengan

Dhistribusi kadhar sedhengan yaiku sesambungan antarane tetembungan kang bisa didistribusikake ing perangan liyane kang nduwensi persentase DP sandhuwure 50% nanging kurang saka 90% ($50\% \leq X < 90$). Perangan saka bab kemasan kang kalebu ing dhistribusi kadhar sedhengan yaiku bab titipurna kanthi persentase DP 66,7%. Andharan jangkepe ana ing ngisor iki.

1) Dhistributife Tetembungan Bab Titipurna

Tetembungan titipurna nduwensi DP 66,7%, saengga cetha yen kalebu ing dhistribusi kadhar sedhengan. Banjur bakal dibedakake antarane tetembungan kanggo ngertené tipe maknane tetembungan. Supaya luwih cetha bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.27
Tetembungan sajrone Titipurna kang Asipat Dhistributif**

No.	Tetembungan	Bedane Tetembungan						Tipe Makna
		nggosok	ngresiki	nyiram	menehi banyu	tatacarane nyengki	tatacarane ngumbah	
1	nyikat	✓	✓	x	x	x	✓	✓
2	nggirahi	x	x	✓	✓	x	✓	✓

Tabel 4.27 nuduhake yen nyikat lan nggirahi minangka tetembungan sajrone titipurna bab nggawe kemasan kang asipat dhistributif. Tetembungan nyikat lan nggirahi iki bisa diarani dhistributor. Tetembungan kasebut dibedakake adhedhasar nggosok, ngresiki, nyiram, menehi banyu, tatacarane nyengki, tatacarane ngumbah, lan tatacarane nyepuh. Nyikat lan nggirahi bisa manggon ana ing luwih saka saperangan tegese. Supaya luwih gamblang bisa dideleng ana ing tabel ngisor iki.

**Tabel 4.28
Dhistribusine Tetembungan Titipurna**

Tetembungan	Tipe Makna		
	tatacarane nyengki	tatacarane ngumbah	tatacarane nyepuh
nyikat	x	✓	✓
nggirahi	x	v	v

Tabel ing ndhuwur nuduhake yen tandha centhang ing tetembungan nyikat, lan nggirahi manggon ing luwih saka saperangan tegese. Slaras karo titikane saka dhistributif yen tetembungane bisa disubstitusi, tegese ora mung manggon ana ing salah siji kang dadi perangan tegese. Tuladhané, nyikat ora mung manggon ana ing tatacara ngumbah, nanging uga ana ing tatacara nyepuh.

3. Dhistribusi Kadhar Endhek

Dhistribusi kadhar endhek yaiku sesambungan antarane tetembungan kang bisa didistribusekake ing perangan liyane kang nduwensi persentase DP sangisore 50%. Kaya tetembungan ing bab titisiyaga kang asipat ora netep. Luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

1) Dhistributife Tetembungan Bab Titisiyaga

Tetembungan-tetembungan titisiyaga wis dingertené DPne yaiku 40%. Tetembungan kasebut banjur bakal dibedakake kanggo ngertené tipe maknane tetembungan. Supaya luwih cetha bisa dideleng tabel ing ngisor iki.

**Tabel 4.29
Tetembungan sajrone Titisiyaga kang Asipat Dhistributif**

No.	Tetembungan	Bedane Tetembungan					Tipe Makna
		nuthuk	nganggo palu cilik	nganggo palu gedhe	ngango paron	nganggo dhodhogan	
1	malu	✓	✓	✓	✓	x	ndhodhogi, nggembeling

Adhedhasar tabel ing ndhuwur dingertené tetembungan sajrone titisiyaga bab nggawe kemasan kang asipat dhistributif ana mung satetembungan, yaiku malu kang minangka dhistributor. Tetembungan kasebut dibedakake adhedhasar nuthuk, nganggo palu cilik, nganggo palu gedhe, nganggo paron, nganggo dhodhogan, lan thuthukan. Ing ngisor iki bakal diandharake luwih cetha ngenani dhistribusine tetembungan sajrone titisiyaga kang asipat dhistributif.

**Tabel 4.30
Dhistribusine Tetembungan Titisiyaga**

Tipe Makna	Bedane Tetembungan				
	tatacarane ngiluh	tatacarane nyithak	tatacarane ndhodhogi	tatacarane nggembeling	tatacarane mbendhes
malu	x	x	✓	✓	x

Tetembungan kang asipat dhistributif kasebut bisa disubstitusi, tegese ora mung manggon ing tatacara ndhodhogi wae, nanging uga bisa manggon ana ing tatacara-tatacara liyane kang dadi perangan saka bab titisiyaga. Malu minangka salah siji perangan saka tatacara ndhodhogi, saliyane iku malu uga minangka perangan saka tatacara nggembeling.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar dhiskusi asil panliten, bisa didudut yen panliten iki nguwatake konsep ngenani jinise sesambungan semantis paradhigmatik lan sintagmatik ing ilmu semantik leksikal. Jinise sesambungan semantis paradhigmatik kang cacahe ana papat (hiponim, kohiponim, hiper nim, lan kohiper nim) lan jinise sesambungan semantis sintagmatik kang cacahe ana loro (enkapsulasi lan dhistribusi) ing panliten iki luwih dirinci

Sesambungan Semantis Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Tetembungan Bab Kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan

perangane. Jinise sesambungan semantis paradigmatik digolongake adhedhasar tatarane, yaiku panggarape matrial, tataurut, lan tatacara. Banjur jinise sesambungan semantis sintagmatik dijelentrehake adhedhasar drajat pepadhan lan drajat bebedane tetembungan bab kemasan, kang digoleki kanthi nggunakake rumus kanggo nemtokake kalebu ana ing kadhar dhuwur, kadhar sedhengan, lan kadhar endhek. Saliyane kuwi tetembungan-tetembungan sajrone bab kemasan kang awujud tembung kriya tanduk bisa menehi sumbangsih tumrap pangrembakane ilmu bidhang leksikologi, mligine bab tetembungan ing basa Jawa.

Pamrayoga

Panliten ngenani sesambungan semantis sajrone tetembungan bab kemasan ing Desa Kauman Kecamatan Bangil Kabupaten Pasuruan iki isih ana kurange. Panliten iki durung bisa nglompokake tetembungan bab kemasan adhedhasar bahan kang dienggo, saengga antarane bahan emas, lan perak, andharan lan jlentrehane isih didadekake siji. Saliyane kuwi, tetembungan sajrone bab kemasan iku sejatiné akeh banget, wiwit ubarampe, piranti lan sapanunggale. Nanging sajrone panliten iki mung ngandharake lan njelentrehake sesambungan paradigmatik lan sintagmatik tetembungan kang awujud tatacara wae. Mula, panyaru kang sipate mangun diprelokake supaya panliten sabanjure bisa njangkepi kurange saka panliten iki, lan luwih ngrembaka maneh anggone nliti sesambungan semantik leksikal.

KAPUSTAKAN

- Chaer, Abdul. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 2007. *Leksikologi & Leksikografi Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta
- _____. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 2013. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Djajasudharma, Fatimah. 2013. *Semantik 2, Relasi Makna Paradigmatik, Sintagmatik, dan Derivasional*. Bandung: Refika Aditama .
- Gudai. Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jenderal Pendidikan Tinggi.

- Kridalaksana, Harimurti. 1983. *Kamus Linguistik (edisi ke-2)*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- _____. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Lyons, John. 1977, *Semantics, Volume 1*. Cambridge London New York Rochelle Melbourne Sydney: Cambridge University Press.

Mahsun. 2014. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan, Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: PT. Rajagrafindo Persada.

Oka I.G.N. lan Supamo. 1994. *Linguistik Umum*. Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Dewan Pendidikan dan Kebudayaan

Parera, Jos Daniel. 1988. *Sintaksis*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama

_____. 2004. *Teori Semantik*. Jakarta: Erlangga.

_____. 2009. *Dasar-Dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: PT. Gelora Aksara Pratama.

Pateda, Mansoer. 2010. *Semantik Leksikal*. Jakarta: Rineka Cipta.

Saussure, Ferdinand de. 1996. *Pengantar Linguistik Umum*. Yogjakarta: Gajah Mada University Press.

Sudaryanto. 1992. *Metode Linguistik Bagian Kedua: Metode dan Aneka Teknik Pengumpulan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

_____. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.

_____. 2015. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Sanata Dharma University Press.

Sudaryanto lan Pranowo (Ed.). 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Supiyarno, Sri. 2012. *Buku Ajar Sejarah Aliran Linguistik*. Solo: FSSR Universitas Sebelas Maret.

Tim Penyusun. 1989. *Kamus Besar Bahasa Indonesia (edisi 2)*. Jakarta: Balai Pustaka.

_____. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia (edisi 3)*. Jakarta: Balai Pustaka.

SUMBER ONLINE

Alwasilah, A Chaidar. 1993. *Linguistik Suatu Pengantar*. <https://pelangiindonesia2013.wordpress.com/2013/12/06/pembidangan-linguistik/>. Diakses tanggal 22 Januari 2019.

Azwar, S. 2012. *Penyusunan Skala Psikologi edisi 2.*
<https://www.semestapsikometrika.com>. Diakses tanggal 7 Desember 2016.

Tribun Sumsel. 2014. *Sepu Emas Bukan Dengan Emas.*
https://m.facebook.com/photo.php?fbid=1984336484980829&id=100002134918616&set=pob.10002134918616&source=49&refid=17&tn_e. Diakses 3 Juli 2018.

SKRIPSI

Chamidah, Nurul. 2015. “Set lan Kolokasi ngenani Cacade Awak”. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.

Desiani, Novi. 2016. “Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatike Leksikon ing Dolanan”. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa

Hariyani, Ariska. 2018. “Tetembungan sajrone Bidhang Sosial Subbidhang Relasi Sosial ing Masyarakat Desa Plumpang Kecamatan Plumpang Kabupaten Tuban”. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.

Safitri, Wida Riyantika. 2018. “Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatike Tetembungan sajrone Upacara Pateg Layon ing Desa Tiudan Kecamatan Gondang Kabupaten Tulungagung”. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.

Solikah, Siti Ma'rifatus. 2016. “Sesambungan Paradigmatik lan Sintagmatik sajrone Meronimi Bab Bangsa Urip ing Tlatuh Tulungagung”. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.

Utami, Faridah. 2013. “Set lan Kolokasi sajrone Upacara Panggih Penganten”. Skripsi ora diterbitake. Surabaya: JPBSD FBS Unesa.